



The Food Project

# BUILD-A-GARDEN: KILTIVE PWÒP LEGIM OU LAKAY OU

Nou vle pou w konstwi yon jaden platbann wo! Li sa ki pi ba a epi enskri jodi a.

555 Dudley Street • Dorchester, MA 02125 • (617)442-1322 x12

## Ki avantaj w ap jwenn:

Pwogram Build-a-Garden The Food Project la bay rezidan ak òganizasyon Boston soutyen nan kilti pwòp manje yo nan jaden platbann wo ak jaden nan po.

## Pwogramm nan ap ba ou:

- Materyèl pou jaden platbann wo oubyen pou jaden nan po, ki gen ladann tè ak konpòs
- Semans ak plan repike
- Yon Gid Kilti
- Atelye
- Lòt soutyen pa telefòn, imel, blòg, ak bilten



## Kiyès ki elijib?

Nou ankouraje tout rezidan Boston pou yo aplike. Nou akòde priyorite bay moun ki rete nan Roxbury, Dorchester, ak Mattapan, epi bay moun ki nan bezwen. Eksperyans nan jadinay pa nesèsè. Byenke an jeneral aplikan yo dwe gen pwòp espas pa yo pou fè jaden, The Food Project ap eseye fè lòt aranjman pou ou nan vwazinaj ou si sa nesèsè.

## Kisa sa ap koute?

Pou pwogram nan ka aksesib pou tout moun, The Food Project egzije yon kontribisyon minimòm \$10 pou endividi ak fanmi epi \$25 pa platbann pou òganizasyon. Sepandan, finansman nou limite donk patisipan ki kapab peye plis yo dwe kontribye leplis posib nan kou total materyèl yo ak mendèv la, ki se \$250 pou yon platbann wo.



## Enskri kounyeya!

Ranpli aplikasyon ki sou do paj sa a, epi remèt li bay The Food Project. Nou asepte aplikasyon pandan tout ane a.

Pou enfòmasyon sou platbann miltip pou òganizasyon oubyen lotisman ou an, tanpri rele oubyen vizite:

[www.thefoodproject.org/bag](http://www.thefoodproject.org/bag)



**The Food Project**

# Pwogram Build-a-Garden Aplikasyon Jadinye

Nou pap fè diskriminasyon kont ankenn patisipan poutèt  
ni ras, ni sèks, ni orijin nasyonal, ni enfimite, ni laj.

Non: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Vil: \_\_\_\_\_ Zip: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: Lajounen: \_\_\_\_\_ Nan Aswè: \_\_\_\_\_

Imel (Tanpri ekri klè an lèt detache): \_\_\_\_\_

## Lakay Ou (make tout sa ki genyen):

- Endividi     
  Yon Sèl Paran     
  De Paran     
  Granmoun     
  Moun ki nan Chomaj  
 patisipan nan WIC   
 patisipan nan SNAP/EBT/Food Stamp   
 Enfim

Kantite total moun ki gen lakay ou: \_\_\_\_\_ Kantite total timoun (pi piti pase 18 an) nan kay la: \_\_\_\_\_

## Osijè lakay ou:

Konbyen tan: ou genyen depi w rete isit la? \_\_\_\_\_ Ou gen lentansyon rete isit la? \_\_\_\_\_

- Èske ou (make tout sa ki vre):
- nan lwaye                     
 se mèt lakay ou  
 rete nan lojman piblik     
 rete nan yon bilding san lakou

Èske gen sous dlo tou pare? \_\_\_\_\_

Ki kote w tande pale de Pwogram Build-a-Garden The Food Project la? \_\_\_\_\_

Èske ou janm te gen jaden anvan sa?  wi  non Èske ou gen youn kounyeya?  wi  non

Èske ou ta renmen antre an kontak ak lòt jadinya / patisipan nan katye w?

- Non     
 Wi, pa telefòn     
 Wi, pa imel     
 Wi, pa telefòn ak imel

Kisa ki rezon prensipal (chwazi 2 pou pi plis) ki fè w mande yon pasèl jaden?

- |   |  |  |
|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> Pase plis tan deyò | <input type="checkbox"/> Kwit plis repa lakay      | <input type="checkbox"/> Redwi kou manje |
| <input type="checkbox"/> Amelyore rejim ou  | <input type="checkbox"/> Manje mwens fassoud       | <input type="checkbox"/> Edike timoun    |
| <input type="checkbox"/> Fè egzèsis         | <input type="checkbox"/> Kiltive manje pa w        | <input type="checkbox"/> Kiltive plant   |
| <input type="checkbox"/> Rilaks             | <input type="checkbox"/> Bati relasyon ak vwazen w | <input type="checkbox"/> Lòt: _____      |

Ou dwe peye \$10, epi nou mande pou patisipan ki kapab bay plis peye tout sa yo kapab nan \$250 kou total la. Tanpri ansèkle evantay ki pi byen reflekte sa w kapab peye a.

\$10-25      \$25-50      \$50-100      \$100-150      \$150-200      \$200-250      plis pase \$250\*

\*Kontribisyon ki depase \$250 ap ede kouvri kou jaden yon lòt patisipan, epi kalifye antanke kado ou kapab dedwi nan taks ou.

Tanpri ranpli aplikasyon w lan epi voye l remèt nan:

The Food Project • 555 Dudley Street • Dorchester, MA 02125

imel: [buildagarden@thefoodproject.org](mailto:buildagarden@thefoodproject.org) telefòn: (617) 442-1322 x12 faks: (617) 442-7918

Kou li resevwa aplikasyon sila a, The Food Project pwal kontakte w sou posibilite pwograme yon vizit sit la. Ou dwe peye lè vizit sit la. Epitou ou kapab mete yon chèk ansanm ak aplikasyon w lan, peyab bay The Food Project. Nou pap touche li toutotan nou pa asepte w nan pwogram nan.